

BAB 1

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Aksara Sunda mangrupa hasil karya ortografi masarakat Sunda ngaliwatan lalakon sajarahna ti awal abad ka-5 Maséhi nepi ka kiwari (Baidillah, 2008:5). Disawang tina jihat kabudayaan, aksara Sunda mangrupa salah sahiji kabudayaan Sunda. Aksara Sunda mangrupa aksara anu digunakeun ku karuhun urang Sunda pikeun ngawangun komunikasi tinulis atawa tradisi tulisan. Ku ayana tradisi tulisan éta, mangka generasi saterusna bisa manggihan informasi penting ngeunaan sajarah, ajén-ajén budaya, jeung aspék budaya lianna anu diwariskeun ti karuhun.

Dina kaputusan Pamarétah Daérah Jawa Barat No. 5 taun 2003 ngeunaan miara Basa, Sastra, jeung Aksara Daérah, disebutkeun yén:

"Aksara Sunda adalah sistem ortografi hasil kreasi masyarakat Jawa Barat yang meliputi aksara dan sistem pengaksaraan untuk menuliskan Bahasa Sunda".

Kaputusan éta téh dikaluarkeun mangrupa tarékah pamaréntah, pikeun ngajaga ngariksa budaya titinggal karuhun anu ampir sirna lantaran geus teu dipiara jeung langka digunakeun. Basa Sunda miboga kalungguhan salaku basa daérah, jeung mangrupa basa indung pikeun masarakat Jawa Barat. Pangajaran basa Sunda dipiharep ngabantuan ka para siswa sangkan mikawanoh dirina jeung budayana. Ku ayana pangajaran basa Sunda dipiharep bisa ngaronjatkeun

kamampuh siswa pikeun komunikasi ngagunakeun basa Sunda kalawan hadé tur bener, boh sacara lisan boh tulisan.

Tatapakan aksara nu ditetepkeun dumasar kana:

- 1) Bentukna nojo kana aksara Sunda kuno, nepi ka nu aslina tetep kajaga;
- 2) Bentukna sederhana nepi ka gampang dituliskeun;
- 3) Sistem nuliskeunana per kecap;
- 4) Éjahanana dumasar kana basa Sunda anyar/mutahir nepi ka gampang dibacana;
- 5) Merhatikeun unsur kaéndahan (*estetika*) nepi ka engkéna bakal dipikaresep ku nu makéna jeung bisa dijieun kaligrafina;
- 6) Daptar abjad disaluyukeun jeung kosa kecap basa Sunda anyar/mutahir;
- 7) Tanda bacana sarua jeung aksara Latin;
- 8) Kamungkinan ditulis maké alat cétak modérn, saperti mesin ketik, mesin cétak, jeung komputer.

Ku sabab aksara Sunda téh hasil karya urang Jawa Barat, mangka masarakat Jawa Barat kudu bisa nulis aksara Sunda, hususna para pendidik jeung para pelajar.

Pangajaran aksara Sunda di sakola-sakola mangrupa salah sahiji cara nu paling éféktif. Pangajaran aksara Sunda tétéla dipangaruhan ku sawatara faktor anu jadi bangbaluh jeung mangaruhan kana kamekaranana, di antarana alokasi waktu nu disadiakeun, jeung kurangna minat siswa kana pangajaran. Di sagigireun éta ogé, faktor séjénna nu leuwih penting nya éta kurangna kamampuh guru dina ngawasa pangajaran aksara Sunda. Guru teu nyangking kana bahan

pangajaran ditambah kurangna minat siswa kana pangajaran antukna mangaruhan kana peunteun. Hal ieu bisa katitén tina peunteun siswa, contona siswa kelas X-1 di SMA Pasundan 3 Bandung nu dijéntrékeun dina tabél peunteun ti taun ajaran 2007/2008, 2008/2009, jeung 2009/2010 semester 1, di handap ieu.

Tabél 1.1 Peunteun Nulis Aksara Sunda

No	2007/2008		2008/2009		2009/2010	
	Peunteun	Jumlah Siswa	Peunteun	Jumlah Siswa	Peunteun	Jumlah Siswa
1.	60	13	60	14	60	16
2.	65	16	65	11	65	9
3.	70	2	70	8	70	7
4.	75	1	75	6	75	6
5.	80	4	80	2	80	3
6.	85	2			85	4
	Jumlah	38		41		45

Luyu jeung hasil peunteun siswa salila 3 taun, ti taun ajaran 2007/2008, 2008/2009, jeung 2009/2010 semester 1 nu dijéntrékeun dina tabél di luhur, bisa katitén naék turunna peunteun siswa dina pangajaran nulis aksara Sunda. Tangtuna waé lamun nilik kana peunteun siswa jeung kajadian nu kaalaman di lapangan, faktor séjén nu mangaruhan dina pangajaran nulis aksara Sunda nya éta modél pangajaran nu digunakeun.

Salah sahiji modél pangajaran anu bisa mantuan mekarkeun pangajaran nulis aksara Sunda nya éta modél pangajaran *Explicit Intruction*. Modél pangajaran *Explicit Intruction* nya éta modél pangajaran anu dirancang pikeun mekarkeun diajar siswa ngeunaan pangaweruh prosédural jeung pangaweruh déklaratif nu

bisa diajarkeun dumasar pola saléngkah-saléngkah. Hasil diajar siswa mangrupa pangaweruh prosedural jeung déklaratif, sarta mekarkeun kamahér diajar.

Nyoko kana sawatara masalah di luhur, ku kituna perlu diayakeun panalungtikan ngeunaan Aksara Sunda. Panalungtikan ngeunaan Aksara Sunda geus kungsi dilaksanakeun ku:

- 1) Nur Kurnia Asih nu judulna “*Kamampuh Nulis Aksara Sunda Ngagunakeun Méthode Démontrasi SMA Kelas X YAS Bandung.*”
- 2) Firman Setia Budi “*Éféktifitas Média Visual dina Pangajaran Nulis Aksara Sunda di Kelas X SMK BPP Bandung Taun Ajar 2009/2010.*”

Sok sanajan panalungtikan ngeunaan Aksara Sunda geus loba nu nalungtik, tapi anu ditalungtik dumasar konsép Panalungtikan Tindakan Kelas (PTK) mah can aya. Dumasar katerangan di luhur, ieu panalungtikan dijudulan “*Modél Explicit Intruction pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Aksara Sunda (Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa Kelas X-1 di SMA Pasundan 3 Bandung Taun Ajar 2010/2011)*”.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, sangkan teu lega teuing ambahanana, ieu panalungtikan diwatesan ngan saukur medar ngeunaan pangajaran nulis aksara Sunda ngagunakeun modél pangajaran *Explicit Intruction* Siswa Kelas X-1 di SMA Pasundan 3 Bandung Taun Ajar 2010/2011.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, ieu masalah panalungtikan dirumuskeun dina wangun pertanyaan, nya éta:

- 1) Kumaha gambaran penerapan modél pangajaran *Explicit Intruction* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis Aksara Sunda siswa kelas X-1 SMA Pasundan 3 Bandung Taun Ajar 2010/2011?
- 2) Naha kamampuh siswa dina pangajaran nulis Aksara Sunda di kelas X-1 SMA Pasundan 3 Bandung Taun Ajar 2010/2011 téh ningkat atawa henteu?

Sangkan leuwih spésifik, éta dua rumusan masalah téh dijéntrékeun di handap ieu:

- 1) Kumaha gambaran penerapan modél pangajaran *Explicit Intruction* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis Aksara Sunda di kelas X-1 SMA Pasundan 3 Bandung Taun Ajar 2010/2011?
 - a) Kumaha perencanaan penerapan modél pangajaran *Explicit Intruction* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis Aksara Sunda di kelas X-1 SMA Pasundan 3 Bandung Taun Ajar 2010/2011?
 - b) Kumaha pelaksanaan penerapan modél pangajaran *Explicit Intruction* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis Aksara Sunda di kelas X-1 SMA Pasundan 3 Bandung Taun Ajar 2010/2011?
 - c) Kumaha evaluasi penerapan modél pangajaran *Explicit Intruction* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis Aksara Sunda di kelas X-1 SMA Pasundan 3 Bandung Taun Ajar 2010/2011?

- 2) Naha kamampuh siswa dina pangajaran nulis Aksara Sunda di kelas X-1 SMA Pasundan 3 Bandung Taun Ajar 2010/2011 téh ningkat atawa henteu?
 - a) Naha modél pangajaran *Explicit Intruction* bisa mantuan siswa pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis Aksara Sunda di kelas X-1 SMA Pasundan 3 Bandung Taun Ajar 2010/2011?
 - b) Faktor-faktor naon waé anu ngarojong jeung mangaruhan kana kamampuh siswa dina nulis Aksara Sunda di kelas X-1 SMA Pasundan 3 Bandung Taun Ajar 2010/2011?
 - c) Naha modél *Explicit Intruction* bisa nyiptakeun suasana diajar nu dipikaresep ?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum tujuan ieu panalungtikan nya éta hayang ningkatkeun prosés diajar-ngajar ngaliwatan pangajaran nulis aksara Sunda ngagunakeun modél pangajaran *Explicit Intruction*.

1.3.2 Tujuan Husus

Dumasar kana masalah anu geus dirumuskeun di luhur, sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) Gambaran penerapan modél pangajaran *Explicit Intruction* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis Aksara Sunda siswa kelas X-1 SMA Pasundan 3 Bandung Taun Ajar 2010/2011.

- 2) Ngaronjatna kamampuh siswa dina pangajaran nulis Aksara Sunda ngagunakeun modél pangajaran *Explicit Intruccion* di kelas X-1 SMA Pasundan 3 Bandung Taun Ajar 2010/2011.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Mangpaat téoritis dina ieu panalungtikan nya éta sangkan bisa méré sumbangan pikeun sistem pendidikan dina hal milih modél pangajaran nu éféktif dina ngajarkeun nulis aksara Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

- 1) Pikeun prosés diajar-ngajar, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré sumbangan pikeun ngaronjatkeun kualitas pangajaran Basa jeung Sastra Sunda;
- 2) Pikeun guru, bisa dijadikeun alternatif dina ngajarkeun aksara Sunda sangkan bisa ngaronjatkeun pangajaran;
- 3) Pikeun siswa, bisa nyangking pangalaman jeung ngalatih kamampuh nulis aksara Sunda;
- 4) Pikeun sakola, bisa méré sumbangan dina usaha ngaronjatkeun kualitas pangajaran di sakola;
- 5) Pikeun nu nalungtik, bisa ngaronjatkeun kualitas kaélmaan jeung ngaimpléméntasikeun modél dina sistem pangajaran;
- 6) Pikeun lembaga, bisa dijadikeun bahan alternatif dina pangajaran Basa jeung Sastra Sunda.

1.5 Anggapan Dasar jeung Hipotésis

1.5.1 Anggapan Dasar

Ieu panalungtikan miboga anggapan dasar saperti di handap ieu:

- 1) Nulis mangrupa komponén kaparigelan basa nu perlu dipikaweruh di sagigireun ngaregepkeun, nyarita, jeung maca.
- 2) Aksara Sunda mangrupa tulisan nu perlu dijaga jeung dipulasara ku sakumna masarakat nu aya di wewengkon Jawa Barat.
- 3) Modél pangajaran mangrupa hiji rencana pangajaran nu digunakeun dina prosés diajar-ngajar.


1.5.2 Hipotésis Tindakan

Hipotésis tindakan mangrupa dugaan ngeunaan parobahan nu mungkin kajadian nalika hiji tindakan dilakukeun. Dumasar katerangan éta, panyusun méré hipotésis, yén nalika guru ngagunakeun modél pangajaran *Explicit Intruction* dina ngajarkeun nulis Aksara Sunda jeung siswa ngabogaan peran aktif dina prosés diajar-ngajar, tangtuna waé pamahaman siswa kana prosés pangajaran leuwih ngaronjat.

1.6 Méthode Panalungtikan

Metode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta metode tindakan kelas (*Classroom Action Research*). Metode tindakan kelas nya éta metode anu tujuanana meunangkeun hal atawa pamarekan anyar pikeun ngaréngsékeun hiji masalah. Modél panalungtikan anu dipilih nya éta ngagunakeun modél spiral ti

Arikunto (2009: 16). Siklus modél Arikunto ieu dilaksanakeun sacara tuluy-tumuluy, saperti siklus di handap ieu:



Gambar 1
Modél Penelitian Tindakan Kelas (Arikunto, 2009: 16)

Léngkah-léngkah dina modél siklus ieu nya éta:

- 1) perencanaan,
- 2) pelaksanaan,
- 3) pengamatan/ observasi,
- 4) réfléksi.

1.6.1 Téhnik Panalungtikan

1) Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik observasi, téhnik wawancara, jeung téhnik tés.

2) Tehnik Ngolah Data

Data anu dikumpulkeun dumasar observasi, wawancara, jeung tés saterusna dirékapitulasi. Hal ieu dilakukeun sanggeus ngalaksanakeun kritéria ketuntasan diajar siswa ngagunakeun tahapan dina wangun siklus.

1.6.2 Instrumen Panalungtikan

1) Pedoman Observasi

Pedoman observasi disusun pikeun nalungtik sakabéh kagiatan diajar boh kinerja guru boh aktifitas siswa, ti mimiti nepi ka ahir pangajaran ngeunaan nulis aksara Sunda.

2) Pedoman Wawancara

Wawancara nya éta hiji dialog nu dilakukeun ku nu ngawawancara pikeun meunangkeun informasi ti anu diwawancara. Anu diwawancara nya éta siswa. Pedoman wawancara ieu téh disusun dumasar kana pangajaran nu geus ditepikeun.

3) Tés

Tés nya éta runtuyan patalékan atawa latihan anu digunakeun pikeun ngukur kamampuh siswa. Ieu tés dilakukeun pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina pangajaran nulis aksara Sunda ngagunakeun modél pangajaran *Explicit Intruction*.

1.6.3 Sumber Data

Dina ieu panalungtikan sumber data anu dipaké mangrupa hasil observasi, hasil wawancara, jeung hasil tés diajar siswa kelas X-1 di SMA Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2010/2011, anu jumlahna 39 urang.